

II. Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d sangarepe pratelan sing paling bener!

6. Dina Senen, Bawa, Siwi, lan Bagas piket kelas. Bawa nyapu jogan kelas. Bagas nata meja lan ngresiki papan tulis. Siwi nyirami tanduran ana plataran. "Piye menawa wis rampung piket, awake dhewe, gladhen upacara?" pitakone Bagas.

"Setuju," wangsulane Bawa.

"Saiki Siwi njupuka piranti kanggo upacara ana ruwang guru!

Wacan iki migunakake ukara panganjak kanggo ...

- wong nom marang wong tuwa
 - wong nom-marang wong nom
 - kanca marang sapadha-padha kanca
 - wong tuwa marang wong tuwa.
7. Basa kanggo ajak-ajak iku kadadeyan saka tembung ngoko, tembung krama lan tembung krama inggil. Kanggo ajak-ajak marang sapadha padha bocah kanca migunakake tembung...
- ngoko
 - ngoko alus
 - krama
 - krama inggil
8. Kepareng matur dhumatheng Pakdhe, sarehdene lenggahipun sampun wau, sumangga Pakdhe kaaturan dhahar saha ngunjuk sawontenipun. Mangkono ature Bagas marang Pakdhe Bagya. Ukara pangajak sing diucapake Bagas tetembungane ...
- ngoko, krama, krama alus
 - krama, lan krama inggil
 - ngoko lan krama
 - ngoko lan krama inggil.
9. Waspadakna gambar iki!



Pak Budiman lagi ...

- ngajak tamu bali dhisik
- ngaturi tamu enggal kondur
- nyuwun idi badhe kondur
- ngaturi tamu mlebet papan utawi dalem

10. Nalika njaga panganan tradhisional gebleg lan tempe. Bagas kepingin Bu Rita ngrasakake enak lan orane gebleg tempe gaweyane kelas lima. Kapiye anggone matur Bagas marang Bu Rita?

- Bu, iki lho, gebleg lan tempene!
- Bu, manga gebleg lan tempenipun dipun dhahar!
- Bu, panjenengan ajeng dhahar gebleg tempe?
- Bu, sampeyan ajeng dhahar gebleg tempe?

11. Waspadakna gambar iki!



Unggah-ungguh laku iku warna-warna. Ngacungake jempol, ngangkat tangan, manthuk, tumungkul lan liya-liyane. Solah bawa perangan awak iki kanggo ngajeni wong liya diarani ...

- a. tumungkul
- b. sedhakep
- c. ngapurancang
- d. siyaga

12. Bawa ngglintiri gebleg ing ngarep kelas. Ukara iki klebu ukara tanduk, kanthi dhapukan ...

- a. J - W
- b. J - W - K
- c. J - W - L
- d. J - W - L - K

13. Sawijining dina Bawa lagi nyapu ana latar. Bu Rita lan putrane tindak liwat ngarepe Bawa. Bawa kepingin Bu Rita lan putrane mampir. Ukara pangajak sing mathuk diucapake Bawa ...

- a. Bu Rita, ayo, mampir omahku.
- b. Mangga, Bu Rita pinarak lenggah wonten griya kula.
- c. Bu Rita manga sowan dalem kula.
- d. Bu Rita kersa pinarak lenggah?

14. Ukara pitakon dipungkasi tandha ...

- a. pakon (!)
- b. koma (,)
- c. pitakon (?)
- d. titik loro (:)

15. **Wohing aren** peksi jamang ngucap jalma, kudu **eling** yen lagi anampi coba. Wohing aren arane...

- a. glugu
- b. dangu
- c. kolang-kaling
- d. dliring

Waspadakna gambar iki!



16. Bocah, menawa dikandhani wong tuwa aja nggleges wae, gleges iku kembang wit kaya gambar, arane wit


- a. canthel
- b. tebu
- c. jagung
- d. jewawut

17. Bapak: Kowe wis mangan Le?

Thole:

- a. Inggih, kula sampun dhahar.
- b. Inggih, kula sampun mangan


- c. Inggih, kula sampun nedhi
- d. Inggih, kula sampun nedha

18. 

Aksara Jawa iki muni ...

- a. Bakmine enak mirasa lan murah
- b. Bakmi enak mirasa lan murah
- c. Bakmi mirasa enak lan murah
- d. Bakmi murah enak lan mirasa




19. 

Aksara Jawa iki muni ...

- a. Wit gedange awoh kabeh
- b. Wit gedhange awoh kabeh
- c. Wit gedhange mawoh kabeh
- d. Wit gedang padha mawoh



20. 

Aksara Jawa iki muni ...

- a. uwuh dakbuwang karo bocah
- b. uwuh dibuwang bocah loro
- c. uwuh dakbuwang ana papane
- d. uwuh dibuwang ana papane

